

## **AVI SOU PWOPPOZISYON ANTANT PWOSÈ LAJISTIS KOLEKTIF**

*Parents Leading for Educational Equity (PLEE), et al. v. Providence Public Schools  
School Department, et al, C.A. 23-cv-00301-MSM-PAS*

### **ATANSYON:**

**POU PARAN AK RESPONSAB LEGAL TOUT TIMOUN KI ANDIKAPE KI GEN TWA  
JISKA SENK LANE K AP VIV NAN PROVIDANS EPI KI PA RESEVWA  
EVALYASYON AK DETÈMINASYON KALIFIKASYON POU EDIKASYON  
ESPESYAL AK SÈVIS KI GEN RAPÒ YO**

**(SOU KATEGORI EVALYASYON)**

**ak**

**POU PARAN AK RESPONSAB LEGAL TOUT TIMOUN KI ANDIKAPE KI GEN TWA  
JISKA SENK LANE K AP VIV NAN PROVIDANS EPI YO TE BAY YON IEP, YO TE  
REFIZE OSWA TE PRAN TAN POU RESEVWA EDIKASYON ESPESYAL AK SÈVIS  
KI GEN RAPÒ YO AK PARAN YO**

**(SOU KATEGORI SÈVIS)**

**Tribinal Distri Etazini pou Distri Rhode Island otorize avi sa a. Se pa yon demann oswa yon avètisman nan men yon avoka. Yo p ap pouswiv ou lajistik. Ou te resevwa avi sa a paske yo te idantifye pitit ou a kòm yon moun ki se oswa ki kapab yon manm nan kategori nan pwosè sa a, epi pwopozisyon antant la nan pwosè lajistik la, si yo apwouye, ka afekte ou menm ak dwa legal pitit ou a. Ou dwe pran san w pou li avi sa a.**

Pitit ou a se yon manm nan Sou kategori Evalyasyon ki afekte nan pwosè sa a si, apati 17 jiyè 2023 oswa pita, pitit ou a gen ant twa ak senk lane, li gen yon andikap jan IDEA defini sa a epi Lekòl Leta Providence yo refize oswa yo pral refize. evalyasyon alè ak detèminasyon kalifikasyon pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò yo.

Pitit ou a se yon manm nan Sou kategori Evalyasyon ki afekte nan pwosè lajistik sa a si, apati 17 jiyè 2023 oswa pita, pitit ou a gen ant twa ak senk lane, li gen yon andikap jan IDEA defini sa a epi Lekòl Leta Providence yo refize oswa yo pral refize. evalyasyon alè ak detèminasyon kalifikasyon pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò yo.

Sa a se yon avi tribinal la otorize.

Objektif avi sa a se pou enfòme w sou yon pwopozisyon antant ki gen rapò ak yon pwosè lajistik kolektif. Parents Leading for Education Equity (PLEE) ak timoun Providence ki gen andikap jan IDEA ak paran yo defini sa a kont Providence Public School District, Providence School Board, Depatman Edikasyon Rhode Island ak Angélica Infante-Green, Komisyonè Edikasyon (ansanm, "Akize"), nan non 2 gwoup oswa sou kategori ki afekte dirèkteman, jan yo dekri sa a anba a.

Pwosè a te fèt pou jwenn evalyasyon alè, detèminasyon kalifikasyon ak edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò pou elèv preskolè ki gen andikap ki abite oswa ki pral abite nan Providence ak pou moun bagay sa yo te anreta.

*Parents Leading for Educational Equity (PLEE), et al. v. Providence Public Schools School Department, et al, C.A. 23-cv-00301-MSM-PAS* nan Tribunal Etazini pou Distri Rhode Island. Yo dekri antant yo pwopoze a nan Kondisyon Antant yo nan paj 5. Tribunal Etazini an dwe apwouve antant ki pwopoze a. Avi sa a gen ladan l enfòmasyon sou antant yo pwopoze a ak sou yon odyans Tribunal la pwograme pou deside si yo ta dwe apwouve antant yo pwopoze a. Avi sa a dekri tou pwosesis pou w swiv si w vle kominike ak Tribunal la.

Nan dat 17 jiyè 2023, Moun ki fè demann yo te depoze pwosè lajistis sa a pandan yo di Akize yo te vyole Lwa Seksyon Endividé Andikape yo, Seksyon 504 Lwa Reyabilitasyon ak Lwa Ameriken andikape yo. Pwosè lajistis sa a te deklare Akize yo te vyole lwa federal sa yo lè yo te refize elèv ki gen andikap, evalyasyon alè ak detèminasyon kalifikasyon yo ak edikasyon espesyal alè ak sèvis ki gen rapò yo.

Apre plis pase yon mwa nan litij ak negosyasyon, pati yo gen yon Pwopozisyon Antant. Avi sa a bay yon rezime Pwopozisyon Antant la ak enpak Pwopozisyon Antant la pral genyen sou dwa w. Si w pa konprann enfòmasyon ki nan avi sa a, ou ta dwe kontakte youn oswa plizyè nan avoka ki nan lis nan fen avi sa a. Ou ka tou, si w vle, kontakte pwòp avoka ou nan pwòp pòch ou.

REZIME DWA OU AK OPSYON		
OPSYON	REZILTA	DELÈ
AKSEPTÉ OSWA PA OPOZE AK PWOPROZISYON ANTANT LA	Si w aksepte oswa w pa opoze Pwopozisyon Antant la, ou pa bezwen fè anyen. Gade kesyon 5 ak kesyon 6 pou plis enfòmasyon.	Okenn
KÒMANTE OSWA OPOZE AK PWOPROZISYON ANTANT LA	Si w vle fè kòmantè oswa objeksyon sou kondisyon antant ki pwopoze a, ou ka di Tribunal la poukisa w renmen oswa w pa renmen kondisyon antant yo pwopoze a. Enstriksyon pou bay yon kòmantè oswa objeksyon yo anreta menm jan sa a dekri pita nan avi sa a. Gade kesyon 13 pou plis enfòmasyon.	20 Oktòb 2023
PARÈT NAN "ODISYON EKITE"	Si ou te depoze yon kòmantè alekri oswa yon objeksyon anvan <b>20 oktòb 2023</b> , epi ou vle pale ak Tribunal la, ou ka parèt adistans (sou entènèt) nan "Odyans Ekitab" nan dat <b>2 novanm 2023</b> . Gade	2 Novanm 2023 nan [time]

	kesyon 14 ak kesyon 17 pou plis enfòmasyon.	
--	---	--

## **KONTNI AVI A**

**Enfòmasyon sou ka a**

1. Ki objektif avi sa a?
2. Sou kisa pwose lajistis la pale?
3. Ki sa yon pwose lajistis kolektif ye?
4. Pou kisa gen yon Pwopozisyon Antant?

**Moun ki enkli nan antant yo pwopoze a**

5. Èske ptit mwen an fè pati kolektif la?
6. Èske ptit mwen an enkli nan Antant yo pwopoze a?

**Kondisyon Pwopozisyon Antant la**

7. Ki kondisyon Pwopozisyon Antant la?
8. Ki benefis Pwopozisyon Antant la?
9. Kisa k ap pase si Pwopozisyon Antant la apwouve?
10. Kòman pou m aksepte Pwopozisyon Antant la?

**Patisipasyon kolektif ak Pwopozisyon Antant la**

11. Èske mwen ka soti nan Antant yo pwopoze a si mwen pa renmen li?

**Avoka k ap reprezante w yo**

12. Èske mwen gen yon avoka k ap reprezante m nan ka sa a?

**Sipòte oswa opoze ak Pwopozisyon antant la**

13. Kouman pou mwen di Tribunal la mwen renmen oswa mwen pa renmen Pwopozisyon antant la?

**Odyans Ekitab**

14. Ki sa Odyans Ekitab la ye?
15. Ki lè ak ki kote sa a fèt?
16. Èske mwen dwe asiste Odyans Ekitab la?
17. Èske mwen ka pran lapawòl nan Odyans Ekitab la?

**Si w pa fè anyen**

18. Ki sa k ap pase si m pa fè anyen?

**Plis enfòmasyon**

19. Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?
20. Ki sa k ap pase aprè Odyans Ekitab la?

## **Enfòmasyon sou ka a**

- 1. Ki objektif avi sa a?** Avi sa a se pou eksplike pwosè lajistis la, antant yo pwopoze a ak dwa legal ou ak dwa legal pitit ou a. Objektif li se fè konnen plis moun posib ki pral afekte pa antant la (moun ki se manm 2 gwooup yo oswa sou kategori yo).
- 2. Sou kisa pwosè lajistis la pale?** Objektif pwosè lajistis sa a se pou korije enkapasite akize yo pou yo bay evalyasyon yo, detèminasyon kalifikasyon yo ak edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò yo mansyone nan IEP elèv yo alè.
- 3. Ki sa yon pwosè lajistis kolektif ye?** Nan yon pwosè lajistis kolektif, youn oswa plizyè moun yo rele “Reprezantan Kolektif” (Class Representatives, an anglè) pouswiv lajistis nan non lòt moun ki gen menm reklamasyon ak yo. Yo rele moun ki gen menm reklamasyon yo “Class” oswa “Class Members.” Yo rele Class Representatives—ak tout Class Members tankou yo—Moun ki fè demann nan. Yo rele pati yo rele lajistis yo Akize (nan ka sa a, Depatman Lekòl Piblik Providence, Komisyon Konsèy Lekòl Providence, Depatman Edikasyon Rhode Island ak Angélica Infante-Green nan kapasite ofisyèl li kòm Komisyonè Edikasyon). Avoka ki reprezante Kolektif yo rele “Avoka Kolektif” (Class Counsel, an anglè). Nan yon pwosè lajistis kolektif, tout kesyon reyalite ak pwoblèm legal yo rezoud ansanm pou tout moun nan Kolektif la nan yon sèl ka. Depi Tribunal la bay yon jijman final nan pwosè lajistis kolektif la, jijman sa a pral obligatwa pou tout Manm Kolektif yo. Nan ka sa a, gen de Sou Kategori ki separe, Sou Kategori Evalyasyon ak Sou Kategori Sèvis.
- 4. Pou kisa gen yon Pwopozisyon Antant?** Tribunal la pa deside an favè ni Moun ki fè demann yo oswa Akize yo sou pwosè lajistis ki annatant la. Olye de sa a, tout pati yo te dakò ak yon Pwopozisyon Antant. Lè yo rezoud reklamasyon yo, pati yo ka evite pri ak ensètitid nan kontinye ak litij la epi yo ka rezoud pwosè lajistis la nan yon fason k ap benefisyè tout pati yo. Avoka kolektif la, nan ka sa a, panse Pwopozisyon Antant sa a se pi bon rezulta pou tout timoun aktyèl, potansyèl ak timoun nan lavni ki manm 2 sou kategori yo. Pwopozisyon Antant la bay yon pwosesis pou PPSD reyalize alè ak konfòmite pèmanan ak egzijans federal pou evalyasyon alè ak livrezon sèvis edikasyon espesyal. Pati yo te dakò tou yon siveyan ekstèn Tribunal la nonmen pral kontwole konfòmite akò pati yo epi bay rapò chak mwa ki detaye sou pwogrè PPSD nan reyalize dat limit legal ki aplike pou bay evalyasyon elèv yo ak sèvis edikasyon espesyal. Siveyans la ap kontinye jiska 1ye oktòb 2024.

## **Moun ki enkli nan antant yo pwopoze a**

**5. Èske pitit mwen an fè pati kolektif la?** Dapre òdonans Tribunal la, gen de sou kategori, toulède enplike timoun andikape jan IDEA defini sa a, ant twa ak senk lane, ki abite oswa ki pral abite nan City of Providence, Sou Kategori Evalyasyon ak Sou Kategori Sèvis. Gen kèk timoun ki ka manm toulède sou kategori yo pandan gen lòt ki se manm swa Sou Kategori Evalyasyon an oswa Sou Kategori Sèvis. Sou kategori Evalyasyon an gen ladan tout timoun yo idantifye ki andikape selon IDEA, nan dat 17 jiyè 2023 oswa apre, yo refize oswa yo pral refize evalyasyon alè ak detèminasyon kalifikasyon pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò yo. Sou Kategori Sèvis la gen ladan tout timoun ki andikape selon IDEA a, ki nan dat 17 jiyè 2023 oswa apre, yo te detèmine ki kalifye pou pwogram preskolè yo dapre Pati B IDEA a epi yo te bay yon IEP men yo te refize oswa retade nan dispozisyon pou pwogram ak sèvis lekòl matènèl yo idantifye nan IEP yo.

**6. Èske pitit mwen an enkli nan Antant yo pwopoze a?** Si pitit ou a fè pati Sou Kategori Evalyasyon an ak/oswa Sou Kategori Sèvis yo, y ap mete pitit ou a nan Pwopozisyon Antant la epi l ap aplike pou pitit ou a si Tribunal la apwouye Pwopozisyon Antant la.

## **Kondisyon Pwopozisyon Antant la**

**7. Ki kondisyon Pwopozisyon Antant la?** Yo afiche Kondisyon Antant yo konplè sou sit entènèt Depatman Edikasyon Rhode Island nan [URL], sitwèb PPSD nan [URL], ak sit entènèt R.I. Center for Justice [URL]; ak ACLU of Rhode Island [URL].<sup>1</sup>

Sa a ki anba la a se yon rezime pati empòtan nan antant la.

Pou Sou Kategori Evalyasyon an, Pwopozisyon Antant la egzije:

- Apati 25 out 2023 epi kontinye apre sa a, Akize yo pral fè paran ki gen pitit yo anreta nan sèvis evalyasyon Akize yo pral peye founisè yo pou sèvis evalyasyon ki nesesè yo nan tarif mache reyjonal yo nan yon lis founisè evalyasyon oswa lòt founisè kalifye ki pa sou lis Providence la;
- avize paran yo Akize yo pral konsidere evalyasyon founisè deyò yo bay;
- revize nenpòt evalyasyon ki déjà egziste ak tout evalyasyon paran yo bay nan sis dat biznis apre yo resevwa yo;
- reyinyon kalifikasyon ak reyinyon IEP yo ka konbine pou ekonomize tan nan kèk sikonstans;

---

<sup>1</sup> Lyen ki mennen nan paj wèb yo pral enkli nan avi ki pibliye a.

- PPSD pral etabli epi kenbe twa ekip evalyasyon lekòl matènèl aplentan pou ane lekòl 2023-2024 la anvan 20 septanm 2023, epi rapòt bay Tribunal la ak Moun ki fè demann yo si objektif sa a te reyalize;
- PPSD pral etabli epi kenbe pou pi piti yon ekip evalyasyon preskolè ak lè reyinyon yo nan yon swa nan semèn nan ak samdi anvan 20 septanm 2023 pou ane lekòl 2023-2024 la, epi rapòt bay Tribunal la ak Moun ki fè demann yo si objektif sa a te reyalize.
- PPSD te déjà fè kontra ak yon founisè, yon konpayi ki rele Presence, pou bay ekip evalyasyon ki ase pou elimine rès evalyasyon aktyèl yo.
- Y ap konsidere rès evalyasyon yo pou yo rezoud yo lè 95% evalyasyon yo ap konplè nan delè lalwa egzije oswa si pa gen plis pase 10 evalyasyon timoun ki anreta nan nenpòt moman.

Pou Sou Kategori Sèvis la, Pwopozisyon Antant la egzije:

- Y ap mete timoun ki gen IEP ki bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò yo senk jou pa semèn yo nan yon pwogram senk jou epi yo pral detèmine tout plasman nan pwogram yo dapre sa a ki nesesè nan IEP a.
- Nan klas preskolè entegre yo, elèv ki gen IEP yo pral resevwa menm kantite jou pwogramasyon ak kamarad ki pa andikape nan salklas yo.
- Nenpòt plas nan salklas ki lib nan pwogram Pre-K Rhode Island oswa pwogram preskolè entegre PPSD a ap priyorite pou elèv edikasyon espesyal yo;
- Pa pita pase 28 out 2023, y ap enfòme paran yo sou plasman yo pwopoze pou pitit yo pou ane lekòl 2023-2024 la.
- Jiskaske yo elimine reta a, Akize yo dwe bay founisè ki kalifye yo peman dirèk pou depans edikasyon espesyal ki kalifye ak sèvis ki gen rapò nan pri mache rejyonal yo.
- Y ap konsidere rès evalyasyon pou bay plasman IEP yo ak sèvis yo rezoud lè yo bay 95% sèvis yo nan delè lalwa egzije oswa si pa gen plis pase 10 sèvis pou timoun ki anreta nan nenpòt moman.

Pou toulède Sou Kategori yo, Akize yo pral peye pou yon siveyan tribunal la nonmen ki pral bay Tribunal la yon rapò alekri chak mwa apati 1ye oktòb 2023 epi kontinye jiska 1ye oktòb 2024.

**8. Ki benefis Pwopozisyon Antant la?** Avantaj Pwopozisyon Règleman a se (1) Akize yo ap pran epi yo pral pran dispozisyon pou elimine reta pou Sou kategori Evalyasyon an, tankou anboche plizyè ekip evalyasyon adisyonèl pou bay evalyasyon ak reyinyon kalifikasyon ak IEP; epi (2) Akize yo ap pran epi yo pral pran dispozisyon pou bay elèv ki t ap tann sèvis yo plasman edikasyon espesyal ak edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò pou yo ka resevwa sèvis nan ane lekòl 2023-2024 la.

Akò yo pwopoze a espesyalman prezève reklamasyon endividyèl konsènan sifizans evalyasyon yo, detèminasyon kalifikasyon yo, plan edikasyon endividyèl (IEPs), edikasyon piblik apwopriye gratis (FAPE), plasman, ak reklamasyon pou edikasyon konpansatwa endividyèl pou sèvis edikasyon ki te rate, selon egzijans IDEA a. Pwoblèm sa yo ka pouswiv pa fanmi yo andeyò pwosè lajistis kolektif sa a.

Antant la prevwa yon siveyan Tribunal la nonmen ki pral bay Tribunal la yon rapò chak mwa apati 1ye oktòb 2023 epi k ap kontinye pou pi piti jiska 1ye oktòb 2024. Y ap konsidere defandan yo an konfòmite ak akò a si yo bay 95% evalyasyon ak 95% sèvis alè oswa si pa gen plis pase 10 elèv anreta pou evalyasyon oswa sèvis yo. Detèminasyon 95% alè a pral ekskli sitiyasyon kote paran yo rate oswa anile randevou.

**9. Kisa k ap pase si Pwopozisyon Antant la apwouve? Akize yo te deja kòmanse aplike kondisyon ki nan règleman an.** Si yo apwouve Pwopozisyon Antant la, PPSD ap kontinye aplike Kondisyon Antant yo. Siveyan Tribunal la nonmen an pral bay rapò chak mwa apati oktòb 2023 epi kontinye jiska oktòb 2024. Akò yo pwopoze a espesyalman prezève reklamasyon endividyèl konsènan sifizans evalyasyon yo, detèminasyon kalifikasyon yo, plan edikasyon endividyèl (IEPs), edikasyon piblik apwopriye gratis (FAPE), plasman, ak reklamasyon pou edikasyon konpansatwa endividyèl pou sèvis edikasyon ki te rate, selon egzijans IDEA a. Pwoblèm sa yo ka pouswiv pa fanmi yo andeyò pwosè lajistis kolektif sa a.

**10. Kòman pou m aksepte Pwopozisyon Antant la?** Ou pa bezwen fè anyen pou w aksepte Pwopozisyon Antant la. Si pitit ou a se yon manm swa nan Sous-klas Evalyasyon an oswa nan Sous-klas Sèvis, pitit ou a ap resevwa benefis Règleman an.

**11. Èske mwen ka soti nan Antant yo pwopoze a si mwen pa renmen li?** Si pitit ou a se yon manm nan Sou Kategori Evalyasyon an ak/oswa Sou Kategori Sèvis yo, ou pa ka patisce nan Pwopozisyon Antant la si w pa renmen li. Si yo apwouve règleman an, li pral aplike pou tout moun ki nan klas la. Ou ka prezante yon objeksyon bay Tribunal la pou eksplike opozisyon ou ak poukisa ou kwè ke li pa ta dwe apwouve pou pèsonn. Etap sa yo dekri nan Kesyon 13.

#### Avoka k ap reprezante w yo

**12. Èske mwen gen yon avoka k ap reprezante m nan ka sa a?** Wi. Avoka Gwooup nan ka sa a se Ellen Saideman, Lynette Labinger, ak Jennifer Wood. Enfòmasyon kontak yo ki nan lis anba a. Antanke Avoka Gwooup la, chak avoka oblige reprezante enterè Gwooup la nan pwosè sa a. Avoka gwooup yo se avoka ki gen eksperyans ki te travay sou ka sa a anvan.

### **Sipòte oswa opoze ak Pwopozisyon antant la**

**13. Kouman pou mwen di Tribunal la mwen renmen oswa mwen pa renmen Pwopozisyon antant la?** Ou kapab di Tribunal la poukisa yo ta dwe apwouve oswa yo pa ta dwe apwouve Pwopozisyon Antant la. Ou ka soumèt yon kòmantè alekri pou di Tribunal la ou renmen Pwopozisyon Antant la epi w panse li ta dwe apwouve. Ou ka fè objeksyon kont Pwopozisyon Antant la tou lè w di Tribunal la ou pa renmen Pwopozisyon Antant la epi w pa panse li ta dwe apwouve. Tribunal la pral konsidere kòmantè ak objeksyon Manm Sousklas yo. Ou pa oblige soumèt okenn kòmantè oswa objeksyon.

Pou fè kòmantè oswa objeksyon sou Pwopozisyon Antant la, ou dwe voye yon lèt oswa yon imèl bay Grefye Tribunal la oswa fè avoka w voye yon lèt oswa yon imèl nan non w. Lèt la oswa imèl la dwe genyen enfòmasyon sa yo:

- non konplè w, adrès postal, ak adrès imèl ou kote ki disponib;
- yon deklarasyon w ap fè kòmantè oswa w ap fè objeksyon kont Pwopozisyon Antant la nan *PLEE v. PPSD*, 23-cv-0301-MSM-PAS;
- rezon teknik ak/oswa legal pou kòmantè ou oswa objeksyon sou Pwopozisyon Antant la;
- nenpòt dokiman ki sipòte kòmantè ou oswa objeksyon ou;
- si ou ta renmen pale nan Odyans Ekitab la (gade Kesyon 17 pi ba a); epi
- siyati w oswa siyati avoka w la,

**Dat limit pou soumèt yon kòmantè oswa objeksyon se 20 oktòb 2023.** Ou dwe voye kòmantè oswa objeksyon w pa lapòs oswa imèl bay Grefye Tribunal la pou yo resevwa 1 pa pita pase **20 oktòb 2023**.

Imèl: [rid\\_ecf\\_intake@rid.uscourts.gov](mailto:rid_ecf_intake@rid.uscourts.gov)

Liy sijè: Repons: *PLEE v. PPSD*, 23-cv-301, Fairness Hearing

Grefye Tribunal la  
Tribinal Distri Ameriken pou Distri Rhode Island  
Federal Building ak Tribunal  
One Exchange Terrace  
Providence, RI 02903

Tanpri bay Avoka Moun ki fè demann yo yon kopi kòmantè oswa objeksyon w tou pa lapòs oswa pa imèl ([esaideeman@yahoo.com](mailto:esaideeman@yahoo.com)) oswa Ellen Saideman, 7 Henry Drive, Barrington, RI 02806) ak Avoka pou Akize yo ([Anthony.Cottone@ride.ri.gov](mailto:Anthony.Cottone@ride.ri.gov)) oswa Anthony Cottone, Chief Legal Counsel, RI Department of Education, 225 Westminster Street, Providence, RI 02903) menm lè w voye li nan Tribunal la.

Si w fè kòmantè oswa objeksyon sou Pwopozisyon Antant la, ou ta dwe eksplike rezon ki fè w fè sa a. Tribunal la ka rejte nenpòt kòmantè oswa objeksyon ke li jije frivò oswa ki fèt pou yon rezon ki pa kòrèk. Ou pa oblige soumèt yon kòmantè oswa objeksyon. Avoka Gwoup la ap toujou reprezante enterè kolektif Gwoup la, ni Sous-klas Evalyasyon an ni Sou-klas Sèvis yo. Si w chwazi pa soumèt yon kòmantè oswa yon objeksyon, w ap renonse dwa w pou yo tande w endividylelmnan nan Odyans Ekitab la sou si w ap apwouve Pwopozisyon Antant la ak nenpòt dwa pou fè apelasyon ou ka genyen. **Nenpòt moun ki vle pale nan Odyans Ekitab la dwe fè Tribunal la konnen yo vle pale nan kòmantè oswa objeksyon yo.** Si w mande pou w pale nan odyans lan, y ap ba w enfòmasyon sou fason pou w parèt sou Zoom.

### **Odyans Ekitab**

**14. Ki sa Odyans Ekitab la ye?** Odyans Ekitab la se yon sesyon Tribunal la koteTribunal la pral tande diskisyon avoka pati yo, epi pètèt paran Manm Kolektif yo (manm Sou Kategori Evalyasyon an ak/oswa Sou Kategori Sèvis yo), sou si Tribunal la ta dwe apwouve. Pwopozisyon Antant la. Nan odyans sa a, Tribunal la pral deside si Pwopozisyon Antant la jis, rezonab epi adekwat. Si gen objeksyon, Tribunal la ap konsidere yo. Tribunal la kapab oswa pa chwazi tandem temwayaj epi resevwa lòt prèv pou ede Tribunal la pran desizyon l.

Apre Odyans Ekitab la, Tribunal la ap deside si l ap apwouve Pwopozisyon Antant la. Pa gen okenn delè espesifik pou Tribunal la bay desizyon li.

**15. Ki lè ak ki kote li pral rive?** Odyans Ekitab la ap fèt 2 novanm 2023 **nan [TIME] pa Zoom.** Si w vle pale pandan odyans lan, ou dwe mande sa nan kòmantè ekri w bay Tribunal la epi w ap ba w yon lyen Zoom. Si ou vle wè odyans lan men ou pa vle pale, ou ka jwenn lyen Zoom pou gade odyans lan, semèn odyans lan, lè w ale nan:  
<https://www.rid.uscourts.gov/public-aksè-telefòn-ak-videyo-odyans>.

**16. Èske mwen oblige ale nan Odyans Ekitab la?** Non. Avoka Gwoup la ap reponn nenpòt kesyon Tribunal la genyen epi yo pral fè agiman an non tout Gwoup la, ki gen ladan tou de Sous-klas Evalyasyon an ak Sous-klas Sèvis yo. Menmsi ou pa oblige asiste, ou ka patisipe nan odyans lan. Si w voye yon kòmantè oswa yon objeksyon, ou pa oblige patisipe nan odyans lan. Osi lontan ke w voye kòmantè w oswa objeksyon w dapre egzijans ki eksplike nan Kesyon 13 la, Tribunal la ap konsidere li. Ou ka peye pwòp avoka ou tou pou patisipe, men li pa nesesè pou anboche yon avoka apa. Ou ka soumèt yon kòmantè avèk oswa san pwòp avoka apa ou.

**17. Èske mwen ka pran lapawòl nan Odyans Ekitab la?** Ou menm ak/oswa avoka ou ka mande Tribunal la pèmisyon pou pale nan odyans la konsènan Pwopozisyon Antant la. Pou fè sa, ou dwe voye yon avi ke ou ta renmen pale anvan **20 oktòb 2023**. Enfòmasyon obligatwa ou bezwen bay si ou vle pale nan Odyans Ekitab la endike nan repons kesyon l3 la.

### **Si w pa fè anyen**

**18. Ki sa k ap pase si m pa fè anyen?** Si pitit ou a se yon Manm Kolektif la, yo pral enkli pitit ou a nan Pwopozisyon Antant la si yo apwouve li. Gade Kesyon 9 pou plis enfòmasyon.

### **Plis enfòmasyon**

**19. Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?** Yo rezime kondisyon Pwopozisyon Antant la sèlman nan avi sa a. Pou jwenn règleman ak kondisyon egzak epi konplè Pwopozisyon Antant la, tanpri gade Kondisyon Antant yo afiche sou sitwèb RIDE la nan [\[URL\]](#), sitwèb PPSD nan [\[URL\]](#) ak sit entènèt R. I. Sant pou Jistis [\[URL\]](#), ak ACLU nan Rhode Island [\[URL\]](#).

**20. Ki sa k ap pase aprè Odyans Ekitab la?** Si Tribunal la apwouve Pwopozisyon Antant la, Akize yo ap kontinye aplike Akò Antant la epi siveyan Tribunal la nonmen an ap kontinye bay Tribunal la rapò chak mwa jiska 1ye oktòb 2024, sof si Tribunal la pwolonje sa a oswa si pati yo dakò. Timoun yo ak paran yo kenbe dwa yo pou yo pote reklamasyon endividyle konsènan sifizans evalyasyon yo, detèminasyon elijiblite yo, IEPs, FAPE, plasman ak reklamasyon pou edikasyon konpansasyon endividyle pou sèvis edikasyonèl yo te rate, dapre egzijans IDEA a. Pwoblèm sa yo ka pouswiv pa fanmi yo andeyò pwosè lajistik kolektif sa a.

### **SI W PA OPOZE AK PWOPOZISYON ANTANT SA A, OU PA BEZWEN FÈ ANYEN, PARÈT, OUBYEN RANPLI NENPÒT BAGAY ALEKRI.**

Ou gen dwa pou w konsilte ak avoka Moun ki fè demann yo nan pwosè lajistik sa a epi poze yo nenpòt kesyon ou genyen. Pou fè sa a oswa pou jwenn plis enfòmasyon detaye sou pwopozisyon antant la, ou ka kontakte avoka Moun ki fè demann yo pa telefòn, imèl oswa pa lapòs nan nenpòt nan adrès sa yo:

Ellen Saideman, Esq.  
Law Office of Ellen Saideman  
7 Henry Drive  
Barrington, RI 02806  
Telefòn: 401.258.7276  
Facsimile: 401.709.0213  
esaideman@yahoo.com

Lynette Labinger  
128 Dorrance St., Box 710  
Providence, RI 02903  
(401) 465-9565  
ll@labingerlaw.com

*Counsel for Plaintiffs  
Cooperating Counsel,  
American Civil Liberties Union  
Foundation of Rhode Island*

Jennifer L. Wood, Esq.  
The R.I. Center for Justice  
1 Empire Plaza, Ste. 410  
Providence, RI 02903  
Telefòn: 401.837.6431  
[jwood@centerforjustice.org](mailto:jwood@centerforjustice.org)

**Tanpri pa voye kesyon bay Tribunal la oswa bay avoka akize yo.**